


## Twalèt sèk “Otji”

Twalèt sa a pa kontamine ni sòl la ni dlo ki pase anba tè, tankou sous ak pwi. Se yon twalèt ki fonksyone ak enèji ki soti nan solèy la.

Nan twalèt sa a, gen yon sistèm ki mete an plas ki pèmèt pati ki likid yo ale nan sòl la epi sa ki solid yo ale nan yon dwoum ki plen ti twou ladan



Après ou fini itilize twalèt sa a chak 4 oswa 6 mwa, anvan dwoum nan plen, ou dwe fè deplase l epi pouse l dèyè. Chalè solèy la ap seche l epi movèz odè yo ap pase ale nan tib la.

Kòm dwoum nan gen yon bann twou ladan e ke tout sa ki likid pase ale, après 6 mwa l ap seche pou kont li epi ou ka retire l san pwoblèm avèk yon kwòk, yon grapen, oswa nan fason ou jwenn ki pi fasil.



Matyè solid ki fin seche yokapab ale nan yon twou, anba tè oswa itilize kòm fimye pou pye bwa

Itilize dlo pou netwaye dwoum nan. Lè li fin seche ou ka mete enpe sab, lacho oswa sann dife ladan pou fè tout movèz odè vole gagè.

Sa yo ofri sèvis netwayaj la tou, si ou ta prefere fè apèl ak sèvis pwofesyonèl

Tanpri, pa bliye lave men ou lè ou soti nan twalèt

